

GREATER BOSTON CASINO CAREER INSTITUTE

KESYON MOUN POZE SOUVAN

+ Ki kalite lekòl Greater Boston Casino Career Institute ye?

Greater Boston Casino Career Institute bay aksè ak enstriksyon pou moun ki vle vin vann jwèt sou tab nan yon kazino.

+ Ki kote lekòl la ye?

Casino Career Institute pral nan kampous Cambridge College la nan Charlestown e li pral aksesib atravè Liy transpò piblik Orange (Estasyon Sullivan Square oswa Bunker Hill Community College).

+ Ki lè kou yo pral kòmanse?

Premye semès kou yo pral kòmanse 4 Septanm. Dezyèm semès kou yo pral kòmanse nan kòmansman Janvyè 2019, yo pral bay plis detay pita.

+ Ki orè kou a?

Kou ap dire 16 semèn avèk klas ki fèt senk jou pa semèn, Lendi a Vandredi, Maten, aprèmidi, epi pral gen opsyon orè aswè ki disponib.

+ Konbyen lajan kou a koute?

Pri kou a pral \$1,100.

+ Èske Greater Boston Casino Careers Institute bay bous detid?

Encore Boston Harbor pral patwone bous detid ki baze sou bezwen finansye Casino Careers Institute, finance 50 moun pou yo konplete kou Casino Institute la.

+ Kisa mwen pral aprann nan pwogram nan?

Pwogram etid la gen ladann de jwèt tab kazino, sèvis kliyan, CPR, ak responsablite jwèt.

+ Ki lè mwen ka aplike?

Pwosesis aplikasyon an pral fèt nan mwa Out 2018.

+ Kisa pwosesis aplikasyon an ye?

Pou w aplike, ou bezwen konplete yon tès aptitud matematik debaz, yon aplikasyon ekri debaz, ak pase yon panèl entèvyou nan Cambridge College ak reprezantan Encore yo. Aplikan ki reyisi yo dwe dispoze travay: travay èdtan ki fleksib (aswè, wikenn, konje), pase yon tès depistaj, pase yon tès dwòg, epi vin gen lisans nanassachusetts Gaming Commission.

+ Èske mwen ka jwenn yon travay apre gradyasyon m?

Moun ki gradye, ki gen ladann pase yon tès repwodiksyon tandè, pral kalifye pou pozisyon vann jwèt e yo garanti yon pozisyon nan Encore a kondisyon yo satisfè tout kritè pou pre-anplwa yo (pase yon tchèk verifikasyon, pase yon tès dwòg, resevwa yon lisans pou jwèt). Encore Boston Harbor pral ofri 1,000 pozisyon vann jwèt.

OPÒTINITE KARYÈ NAN ENCORE BOSTON HARBOR

KESYON MOUN POZE SOUVAN

+ Ki kote ou lokalize?

Nou lokalize nan nimewo 1 nan Broadway nan Everett, MA, yon ti distans ak Sullivan Square.

+ Ki lè w ap ouvè?

N ap ouvè nan mwa **Jen 2019**.

+ Ki opsyon transpò anplwaye ki pral disponib?

Otobis Navèt yo pral tranpòte manm ekip la ale nan konplèks la soti nan EstasyonTren Malden ak Wellington. Encore pral ofri anplwaye yo pakinn pou bisiklèt tou.

+ Ki benefis yo bay pou anplwaye yo?

Nou bay Asirans Medikal, Dantè, Vizyon, plan ekonomi 401k anplwayè matche, 6 Semèn Konje Paran Peye, rabè pou manm ekip la nan magazen lokal yo a plis bagay toujou!

+ Èske yo mande pou w gen yon diplòm Lekòl Segondè oswa degree Kolèj pou w travay pou Encore?

Non! Nou gen plizyè pozisyon ki disponib ki pa mande pou moun gen degree Kolèj oswa Lekòl Segondè.

+ Èske li obligatwa pou yon moun konn pale Anglè byen pou l travay pou Encore?

Non! Nou gen plizyè djòb ki disponib ki bezwen pou moun nan gen ladrès konvèsasyon debaz e ki ouvè pou Etidyan Langaj Anglè.

+ Èske Encore ofri pozisyon a Plen tan ak Tan Pasyèl?

Wi. Encore ofri pozisyon a Plen Tan ak Tan Pasyèl.

+ Kijan mwen ka wè tout djòb ki afiche yo, lis djòb aktyèl, ak aprann plis sou kijan pou w travay nan Encore Boston Harbor?

Vizite EncoreBostonJobs.com pou w aprann plis.

+ Ki lè gwo anbochaj la pral kòmanse?

Gen plizyè pozisyon ki ouvè kounye a. Gwo anbochaj pou tout pozisyon yo pral kòmanse an Fevriye 2019

Vizite sit wèb nou an pou w aprann plis sou kijan pou w travay nan Encore Boston Harbor...gade epi aplike pou travay yo afiche yo...eksplòre tout djòb opòtinite fòmasyon/travay epi matche ladrès ou ak pi bon djòb yo...epi enskri pou notifikasyon imèl lè yo afiche nouvo djòb yo.

www.EncoreBostonJobs.com